



# SQUARES + STREETS





# WELCOME

BYENVENI BIENVENIDO

Take our Squares + Streets Survey

Encuesta de Squares + Streets

Sondaj Squares + Streets



# SQUARES + STREETS

Tell us where you would like to see public space improvements (more trees, seating, active ground floors, a new crosswalk, a wider sidewalk, etc.) in Cleary Square!

¡Díganos dónde le gustaría ver mejoras en espacios públicos (más árboles, asientos, patios de actividades, nuevas sendas peatonales, aceras más amplias, etc.) en Cleary Square!

Di nou ki kote ou ta renmen wè amelyorasyon nan espas piblik yo (plis pye bwa, plis kote pou moun chita, plis chose aktif, yon nouvo pasaj pou pyeton, yon twotwa ki pi laj, elatriye) nan Cleary Square!



# POU KI SA POU NOU KONSANTRE NOU SOU SQUARES + STREETS?

Squares + Streets ap pèmèt nou atenn objektif sa yo:

Asire pou chak abitan Boston - kounye a ak nan lavni - pou yo gen aksè nan katye ak resous ak sèvis chak jou, se eleman fondamantal nan angajman Boston pou li vin yon vil abòdab, fleksib ak ekitab.

---

Pandan popilasyon Boston an ap grandi, li esansyèl pou bay plis lojman, men aksè a lojman poukонт li p ap pwodui bon jan kalite lavi abitan Boston yo merite a.

---

Lè kwasans lojman asosye avèk yon abondans resous komèsyal, sivik, kiltirèl ak transpò, rezidan yo ak biznis yo jwenn avantaj ki ale pi lwen aksè a lojman an: (rrediksyon depans transpò, pi plis kliyan komèsyal, mwens anprent kabòn (CO<sub>2</sub>), livrezon efikas sèvis minisipal yo , elatriye)


---

Yon zonaj ki pa koresponn ak anviwònman konstui aktyèl la, sa ki se laverite pou anpil nan kalite anplasman ki ka elijib pou Squares + Streets yo, rann pwosesis devlopman pi long, pi chè, epi li menm kreye konfizyon.

---

Squares + Streets se yon pwogram ki konsantre sou devlope plan pou sant jeyografik aksesib pou transpò piblik, ki pa limite ak refòm dekoupaj an zòn ki nesesè yo sèlman, men tou ki pwopoze estrateji envestisman ki vizib, ki efikas, ki kowòdone ki reponn ak yon seri bezwen kominote a.

# PLAN POUTI ZÒN YO



Plan pou ti zòn yo pral rale sou kare espesifik atravè katye Boston yo, konsantre sou nivo lokal olye ke tout katye a

6-9 MWA  
ANGAJMAN  
KOMINOTÈ

TANDE AK  
PREPARE

DEVLOPE IDE

REVIZE EPI  
PÈFEKSYONE IDE  
YO

PWOJÈ PLAN

AJI

Konekte ak kominote a pou rasable lide pou angajman epi tandé eksperyans yo nan Roslindale Square

Angaje ak kominote a pou w konprann objektif ak bezwen yo; kolabore ak sèvis vil yo pou jenere opsyon aplikasyon an repons a kòmantè yo

Atelye prezantasyon rekòmandasyon preliminè yo ak moun ki gen enterè yo epi ak depatman patnè Vil la

Pibliye plan an pou egzamen piblik

Finalize nouvo plan epi kòmanse aplike rekòmandasyon yo nan tout sèvis vil la

Kodifye rekòmandasyon ynan kad zonaj nan kat la pou kòmanse aplike Rekòmandasyon plan an.

# KI VIZYON OU POU CLEARY SQUARE?

**METE YON OTOKOLAN SOU TABLO SA A AN REPONS A KESYON KI  
ANBA YO!**

**Lojman:** Ki baryè ki genyen ki anpeche kominote w la gen aksè ak divès kalite lojman ki abòdab?

**Ti Biznis /Atizay ak Kilti:** Ki kalite biznis ak aktivite kiltirèl ki ka fè gen plis frekantasyon ak plis animasyon nan Cleary Square?

**Transpò ak Domèn Piblik:** Ki jan Cleary Square ta ka pi fasil, pi konfòtab oswa pi an sekirite pou w deplase?

**Konsepsyon:** Ki kèk nan karakteristik fizik ki pi remakab nan Cleary Square (batiman, materyèl, ekleraj, espas deyò, elatriye) ki enpòtan pou plas la 'santi l' tankou Cleary Square?